



**VARIASI PEMBELAJARAN GEGURITAN  
DI SMA NEGERI SE-KABUPATEN GROBOGAN**

**SKRIPSI**

diajukan untuk memperoleh gelar sarjana

Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa

oleh

Yuni Kurniyawati

2102406044

PERPUSTAKAAN  
**UNNES**

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA JAWA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SEMARANG**

**2010**

## SARI

Kurniyawati, Yuni. 2010. *Variasi Pembelajaran Ggeuritan di SMA Negeri se-Kabupaten Grobogan*. Skripsi. Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Semarang. Pembimbing I: Dra. Esti Sudi Utami, M.Pd.; Pembimbing II: Yusro Edy Nugroho, SS., M. Hum.

*Tembung Wigati: pamulangan geguritan variasi pembelajaran*

*Geguritan kalebu salah sawijining materi basa Jawa kang diwulangake ing SMA Negeri sa-Kabupaten Grobogan. Supaya materi geguritan bisa ditampa kanthi gampang dening para siswa, guru kudu prigel anggone ngracik pamulangan. Guru kang nggunakake variasi ing sajroning pamulangan, ndadekake para siswa luwih seneng lan ora bosen anggone sinau. Salah sawijining kaprigelan dasar kang kudu ana ing pamulangan basa Jawa yaiku kaprigelan anggone nggunakake variasi pamulangan.*

*Perkara ing panaliten iki, yaiku kepriye wujud variasi ing pamulangan geguritan kang arupa metode, media, materi, lan evaluasi ing SMA Negeri sa-Kabupaten Grobogan? Ancasing panaliten iki, yaiku njentrehake variasi pamulangan geguritan ing SMA Negeri sa-Kabupaten Grobogan.*

*Panaliten iki nggunakake pendekatan kualitatif lan deskriptif. Sumber data panaliten iki yaiku guru basa Jawa ing SMA Negeri sa-Kabupaten Grobogan lan cak-cakane mulang. Data panaliten iki awujud variasi pamulangan geguritan kang awujud variasi metode, media, materi, lan evaluasi. Data dikumpulake kanthi nggunakake teknik wawancara, observasi, lan dokumentasi. Data dianalisis kanthi teknik pilah lan djilentrehake kanthi metode informal.*

*Asil panaliten iki, yaiku variasi pamulangan geguritan ing SMA Negeri sa-Kabupaten Grobogan, yaiku (1) variasi metode, awujud metode pemodelan ing aspek nyemak, metode diskusi ing aspek wicara, metode demonstrasi ing aspek maca, lan metode objek langsung ing aspek nulis; (2) variasi media, awujud media elektronik yaiku kaset geguritan, (pita), kaset macapat (pita), VCD geguritan, lan power point, dene media nonelektronik kang digunakake yaiku (a) buku teks: *Kabeh Seneng Basa Jawa*, *Kulina Basa Jawa*, lan *Sinai Basa Jawa*, (b) LKS: *Kresna*, *Star Idol*, *Kharisma*, (c) majalah *Panjebar Semangat*, lan (d) buku kumpulan geguritan kanthi irah-irahan *Pisungsung* (antologi geguritan dan cerkak); (3) variasi materi kang diwenehake yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Bima Suci*, *Luhing Katresnan*, *Gangsir*, *Gandrung*, *Sungkemu Ibu*, *Jaman Bubrah*, *Wis dadi Tekadku*, *Keplayu*, *Kahanan Peteng*, *Gurit Kanggo Ibu*, *Kidung Perawan*, *Lading Landhep*, *Wasiat*, *Lampu Blencong*, lan *Surat Budheg*; (4) variasi evaluasi kang digunakake, awujud tes yaiku tes tertulis lan tes praktik, dene evaluasi non tes kang digunakake yaiku daftar cek.*

*Saka asil kang ditemokake, saran kanggo guru basa Jawa yaiku supaya ing sajroning pamulangan geguritan ing aspek nyemak, guru uga nyawisake teks geguritan kang diwaca dening model kanggo para siswa, supaya para siswa luwih jelas anggone nggatekake geguritan. Panaliten iki isih awujud panaliten pisanan lan durung optimal, mula perlu dianakake panaliten sakbanjire kanthi sumber data kang luwih akeh.*